**Олимпиада по родным языкам**
**Школьный этап**
**Аварский язык 10 класс 2019/2020 учебный год.**

**Т1оцебесеб т1адкъай** – лексико-грамматикиял тестал (жавабал хъвай т1оцебесеб номералъул бланкалда кьун бугеб таблицаялда).

**1. Рекъон ккараб определение гъорлъ бугеб мисал бате:**

1) Хирияй гьудулги гьагав дунгоги
   Дагъистан кант1изе кицилъун ккана;
2) Месседил г1адалнах, г1арцул гвангвара
   Г1адада хвелилан хиял бук1инч1о;
3) Г1усманил вацасул васасул рукъалъул къед биххун бач1ана.

*(3 балл)*

**2. Жиндирго пикру рит1ухъ гьабизе, яги баян гьабизе г1оло чияца абураб, ялъуни хъвараб жоялдаса щибго хисизабич1ого босараб лъилниги каламалда абула:**

1) цитата; 2) пролог; 3) хъвалсараб калам; 4) диалог.

*(3 балл)*

**3. Авторасул раг1абазда хадуб бит1араб калам бугони, гьезда гьоркьоб лъола:**

1) запятая; 2) т1анк1гун запятая; 3) тире; 4) к1ит1анк1.

*(3 балл)*

**4. Гъалат1 ккараб предложение бате:**

1) Гьел т1оразда т1ад кверги бахъулаго, колхозалъул хурисан г1ебеде вач1унев вук1ана Салман;
2) Дир вацг1ал живго дагьав эбелалда хадув арав вугониги гьедиг1ан къадарав вас гьеч1о.
3) Дуца хвалдаса хвасар гьаврав чи вуго дун;
4) Къоялъ Муса нуж рач1иналъухъ балагьун вук1ана.

*(3 балл)*

**5. Ц1арлъовул предложениялъулъ чан бет1ераб член бук1унеб?**

1) к1иго; 2) лъабго; 3) цо; 4) цониги бук1унаро.

*(3 балл)*

**6. «Гъоркье рехана» абураб фразеологизмалъул маг1на щиб?**

1) тункун рехана; 2) гуккана;
3) зулму гьабуна; 4) вухана.

*(3 балл)*

**7. Заманлъун т1аджубараб предложение бате:**

1) Васасул кагъатги бач1унеб гьеч1елъул, яккун йик1ана дун духъе;
2) Нахъа бач1унелъул пикру гьабуни, гьев чи бах1арчи вахъунаро;
3) Ц1ц1е к1анц1аралъусан, бурут1ги к1анц1ула;
4) Балагьараб бер къанщилалде, бокьараб бак1алде щвезавила дица мун.

*(3 балл)*

**8. Ч1овул падежалда бугеб предметияб ц1ар бихьизабе:**

1) к1одохъе; 2) рокъосан; 3) лъороса; 4) гъот1окь.

*(3 балл)*

**9. Ударениялъ бак1 хисиялдалъун, маг1на хисулеб раг1и бихьизабе:**

1) г1инт1и; 2) кунч1и; 3) т1емет1и; 4) буц1и.

*(3 балл)*

**10. Кинаб раг1ул маг1на бит1ун баян гьабун бугеб?**

1) магъущ - х1айваналда ц1ар; 2) нуцал - ханасул кумекчи;
3) жагьилчи - хъвазе-ц1ализе лъаларев чи; 4) манги - ц1ул г1анлъулеб алат.

*(3 балл)*

**Гьаб тексталда т1аса гьаризе ккола к1иабилебги лъабабилебги т1адкъаял**

1)Жакъа г1олилазе х1алт1и гьеч1олъиялъул масъала буго киса-кибего т1ибит1ун. 2)Щуго-анлъго соналъ университетаздаги ц1алун, ахирги кибго х1алт1иги щвеч1ого рокъоре рехун хут1ула г1емерисезул дипломал.
3)Цогидалин абуни, базаралде рахъуна даран-базар гьабизе. 4)Щалха гьелъие г1айибиял? 5)Гьелъие г1айибиял руго жалго г1олилал, жидерго махщел т1аса бищизе лъач1ел. 6)Г1емерисел школа лъуг1ун къват1ире унел ц1алдохъабазда ва гьезул эбел-инсуда т1адег1анаб вуз гурони т1ок1аб жо бихьуларо. 7)Училищеялги, техникумалги ва цогидал бак1алги гьез рик1к1инецин рик1к1унаро. 8)Киназго г1адин т1аса рищула юридикиял ва экономикиял факультетал. 9)Хадуб щибха гьелъул кколеб?

10)Нилъер гьаниб юристаздасаги экономистаздасаги г1емерал махщелчаг1и гьеч1о. 11)Рокъор дипломалги лъун, кисадай жидее х1алт1и щвелаян руго г1олилал. 12)Гьедин рук1ин лъаниги, г1емерисел унел руго гьебго нухдасан. 13)Ц1али лъуг1ун хадуб бич1ч1ула мекъи ккараллъи, амма хадуб кват1ун бук1уна. 14)Цоял даран-базаралде руссуна, цогидал ралел бак1азда х1алт1изе уна, лъабабилел бет1ербахъи гьабизе къват1ире уна. 15)Гьаниб «ч1ег1ераб х1алт1и» рик1к1инецин рик1к1унарел нилъер г1олилаз къват1иб цебе ккараб х1алт1и гьабула: я рохь къот1ула, я нухазде хъил т1ола, я богогьабилъун х1алт1ула, базаразда гьакица къайи баччула…16)Амма Дагъистаналда гьединаб х1алт1ухъ г1олилал балагьуларо. 17)Гьаниб гьезул рек1еда ч1ух1иялъ квелъ бан бук1уна. 18)Къват1ибги гьанибги х1алт1ул бат1алъи щиб? 19)Гьаниб х1алт1изе бокьулеб гьеч1о. 20)Г1адада эбел-инсул г1арацги хвезабун, щуго соналъ университеталдаги ц1алун гурони бегьуларищ къват1ире ине, бак1ал ралелъур ва базаразда х1алт1изеги. 21)Гьениб диплом

лъицаго ц1ехоларо. 22)Ц1ализе лъугьиналде щай г1олилаз х1исаб гьабулареб, кинал махщелчаг1и жакъа х1ажат ругелали. 23)Х1алт1и ц1ехон бокьараб сайталде раккани, Дагъистаналда х1ажат руго слесаралги, богогьабиги, рукъарухъабиги, сантехникалги, токаралги, менеджералги, шоферзабиги. 24)Гьезул моц1рол харжги бахунеб буго 10 азаргоялдаса 50 азарго гъурщиде щвезег1ан. 25)Щай бегьулареб, гьел махщелазде ц1ализе ине? 26)Республикаялдаго щолеб 20 азарго гъурущ дагьищ бугеб? 27)Ч1ух1улел руго гьединал х1алт1аби гьаризе. 27)Х1исаб гьабидал, х1алт1изе бокьун гьеч1о, къвариг1ун буго борхалъи ва лъик1аб хъулухъ. 28)Ч1ух1улел руго, дагьаб г1арац щолеб бак1ги данде кколеб гьеч1о. 29)Бач1инахъего къвариг1ун буго лъик1аб хъулухъ, г1емераб г1арац. … 30)Киназего къвариг1ун буго, офисаздаги г1одор ч1ун, килщида килищ хъвач1ого г1емераб г1арац бач1ине. 31)Киназего гурелъулха гьединаб х1алт1и щолеб. 32)Амма гьелъул х1исаб гьабулев чи нагагьги кколев гьеч1о. 33)Руго г1олилал, жидерго махщалида рекъон гурел, бат1иял хъулухъазда х1алт1улелги. 34)Гьелъие г1илла щиб?

35)Г1емерисез эбел-инсуде гьабула г1айиб, жиндаги гьикъич1ого ц1ализе «лъунин» абун. 36)Цо-цояз, т1асиял курсазде рахиндал, инкар гьабула жинцаго т1аса бищараб махщалидаса. 37)Гьедин жидеего бокьич1ого ц1ализарурал лъималазул, дир х1исабалда, лъик1ал махщелчаг1и рахъине рес гьеч1о. 38)Щивав чиясул жинцаго т1аса бищулеб махщалидехун дагьабниги рокьи бук1ине ккола. 39)Гьеб гьеч1они гьев ц1алуларо, ц1ализе гьесул гъираги бук1унаро. …40)Гьединлъидал, махщел т1аса бищилалде цебе, цин лъик1 ургъизе ккола. …

*Сидрат Х1усенова («Х1акъикъат» № 28, 08.07. 2011 г.)*

**2-б т1адкъай** – цебехун кьун бугеб тексталъе грамматикаялда хурхарал т1адкъаял (жавабал хъвай т1оцебесеб номералъул бланкалда кьун бугеб таблицаялда)

**11.** 2-6 предложениязда гьоркьоб определениелъун т1аджубараб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

***(3 балл)***

**12.** 10-14 предложениязда жаниб данднккунгут1иялъул союз бате (таблицаялда жаниб союз хъвай)

***(3 балл)***

**13.** 14-18 предложениязда гьоркьоб жубараб сок1к1араб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

***(3 балл)***

**14.** 19-23 предложениязда жаниб бате жинда падежалда г1емерлъул формаялда бугеб раг1и (таблицаялда жаниб гьеб раг1и хъвай)

***(3 балл)***

1) Васасул кагъатги бач1унеб гьеч1елъул, яккун йик1ана дун духъе;
2) Нахъа бач1унелъул пикру гьабуни, гьев чи бах1арчи вахъунаро;
3) Ц1ц1е к1анц1аралъусан, бурут1ги к1анц1ула;
4) Балагьараб бер къанщилалде, бокьараб бак1алде щвезавила дица мун.

*(3 балл)*

**8. Ч1овул падежалда бугеб предметияб ц1ар бихьизабе:**

1) к1одохъе; 2) рокъосан; 3) лъороса; 4) гъот1окь.

*(3 балл)*

**9. Ударениялъ бак1 хисиялдалъун, маг1на хисулеб раг1и бихьизабе:**

1) г1инт1и; 2) кунч1и; 3) т1емет1и; 4) буц1и.

*(3 балл)*

**10. Кинаб раг1ул маг1на бит1ун баян гьабун бугеб?**

1) магъущ - х1айваналда ц1ар; 2) нуцал - ханасул кумекчи;
3) жагьилчи - хъвазе-ц1ализе лъаларев чи; 4) манги - ц1ул г1анлъулеб алат.

*(3 балл)*

**Гьаб тексталда т1аса гьаризе ккола к1иабилебги лъабабилебги т1адкъаял**

1)Жакъа г1олилазе х1алт1и гьеч1олъиялъул масъала буго киса-кибего т1ибит1ун. 2)Щуго-анлъго соналъ университетаздаги ц1алун, ахирги кибго х1алт1иги щвеч1ого рокъоре рехун хут1ула г1емерисезул дипломал.
3)Цогидалин абуни, базаралде рахъуна даран-базар гьабизе. 4)Щалха гьелъие г1айибиял? 5)Гьелъие г1айибиял руго жалго г1олилал, жидерго махщел т1аса бищизе лъач1ел. 6)Г1емерисел школа лъуг1ун къват1ире унел ц1алдохъабазда ва гьезул эбел-инсуда т1адег1анаб вуз гурони т1ок1аб жо бихьуларо. 7)Училищеялги, техникумалги ва цогидал бак1алги гьез рик1к1инецин рик1к1унаро. 8)Киназго г1адин т1аса рищула юридикиял ва экономикиял факультетал. 9)Хадуб щибха гьелъул кколеб?
10)Нилъер гьаниб юристаздасаги экономистаздасаги г1емерал махщелчаг1и гьеч1о. 11)Рокъор дипломалги лъун, кисадай жидее х1алт1и щвелаян руго г1олилал. 12)Гьедин рук1ин лъаниги, г1емерисел унел руго гьебго нухдасан. 13)Ц1али лъуг1ун хадуб бич1ч1ула мекъи ккараллъи, амма хадуб кват1ун бук1уна. 14)Цоял даран-базаралде руссуна, цогидал ралел бак1азда х1алт1изе уна, лъабабилел бет1ербахъи гьабизе къват1ире уна. 15)Гьаниб «ч1ег1ераб х1алт1и» рик1к1инецин рик1к1унарел нилъер г1олилаз къват1иб цебе ккараб х1алт1и гьабула: я рохь къот1ула, я нухазде хъил т1ола, я богогьабилъун х1алт1ула, базаразда гьакица къайи баччула…16)Амма Дагъистаналда гьединаб х1алт1ухъ г1олилал балагьуларо. 17)Гьаниб гьезул рек1еда ч1ух1иялъ квелъ бан бук1уна. 18)Къват1ибги гьанибги х1алт1ул бат1алъи щиб? 19)Гьаниб х1алт1изе бокьулеб гьеч1о. 20)Г1адада эбел-инсул г1арацги хвезабун, щуго соналъ университеталдаги ц1алун гурони бегьуларищ къват1ире ине, бак1ал ралелъур ва базаразда х1алт1изеги. 21)Гьениб диплом

лъицаго ц1ехоларо. 22)Ц1ализе лъугьиналде щай г1олилаз х1исаб гьабулареб, кинал махщелчаг1и жакъа х1ажат ругелали. 23)Х1алт1и ц1ехон бокьараб сайталде раккани, Дагъистаналда х1ажат руго слесаралги, богогьабиги, рукъарухъабиги, сантехникалги, токаралги, менеджералги, шоферзабиги. 24)Гьезул моц1рол харжги бахунеб буго 10 азаргоялдаса 50 азарго гъурщиде щвезег1ан. 25)Щай бегьулареб, гьел махщелазде ц1ализе ине? 26)Республикаялдаго щолеб 20 азарго гъурущ дагьищ бугеб? 27)Ч1ух1улел руго гьединал х1алт1аби гьаризе. 27)Х1исаб гьабидал, х1алт1изе бокьун гьеч1о, къвариг1ун буго борхалъи ва лъик1аб хъулухъ. 28)Ч1ух1улел руго, дагьаб г1арац щолеб бак1ги данде кколеб гьеч1о. 29)Бач1инахъего къвариг1ун буго лъик1аб хъулухъ, г1емераб г1арац. … 30)Киназего къвариг1ун буго, офисаздаги г1одор ч1ун, килщида килищ хъвач1ого г1емераб г1арац бач1ине. 31)Киназего гурелъулха гьединаб х1алт1и щолеб. 32)Амма гьелъул х1исаб гьабулев чи нагагьги кколев гьеч1о. 33)Руго г1олилал, жидерго махщалида рекъон гурел, бат1иял хъулухъазда х1алт1улелги. 34)Гьелъие г1илла щиб?

35)Г1емерисез эбел-инсуде гьабула г1айиб, жиндаги гьикъич1ого ц1ализе «лъунин» абун. 36)Цо-цояз, т1асиял курсазде рахиндал, инкар гьабула жинцаго т1аса бищараб махщалидаса. 37)Гьедин жидеего бокьич1ого ц1ализарурал лъималазул, дир х1исабалда, лъик1ал махщелчаг1и рахъине рес гьеч1о. 38)Щивав чиясул жинцаго т1аса бищулеб махщалидехун дагьабниги рокьи бук1ине ккола. 39)Гьеб гьеч1они гьев ц1алуларо, ц1ализе гьесул гъираги бук1унаро. …40)Гьединлъидал, махщел т1аса бищилалде цебе, цин лъик1 ургъизе ккола. …

*Сидрат Х1усенова («Х1акъикъат» № 28, 08.07. 2011 г.)*

**2-б т1адкъай** – цебехун кьун бугеб тексталъе грамматикаялда хурхарал т1адкъаял (жавабал хъвай т1оцебесеб номералъул бланкалда кьун бугеб таблицаялда)

**11.** 2-6 предложениязда гьоркьоб определениелъун т1аджубараб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

***(3 балл)***

**12.** 10-14 предложениязда жаниб данднккунгут1иялъул союз бате (таблицаялда жаниб союз хъвай)

***(3 балл)***

**13.** 14-18 предложениязда гьоркьоб жубараб сок1к1араб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

***(3 балл)***

**14.** 19-23 предложениязда жаниб бате жинда падежалда г1емерлъул формаялда бугеб раг1и (таблицаялда жаниб гьеб раг1и хъвай)

***(3 балл)***

**15.** 35-40 предложениязда жаниб калам бач1араб бак1 бихьизабулеб гьоркьоб кколеб раг1и бате (таблицаялда жаниб гьеб раг1и хъвай)

***(3 балл)***

**16. Лъабабилеб т1адкъай** – цебехун кьураб текстална т1аса сочинение-рассуждение хъвай

(*21 балл)*

**Цебехун кьун бугеб текстги ц1алун, гьелда т1аса сочинение-рассуждение хъвай. Сочинениялда бук1ине ккола лъабкъоялда анц1гоялдаса ц1ик1к1ун раг1и. Сочинение хъвалеб мехалъ текст жисизабич1ого (переписать гьабун) хъван бугони, сочиненилъе цониги балл лъоларо.**

**Сочинение хъвалеб мехалъ, к1вар кьезе ккола:**

– кинаб суал борхулеб бугеб авторас жиндирго статьялда?

–кинаб пикру бугеб авторасул гьеб суалалдехун?

– мун рази вугищ авторасул пикруялда? Щай?

– дурго г1умруялъул х1албихьиялдаса яги литератураялдаса мисал баче тексталда борхулеб суалалде данде кколеб?

– дурго пикру баян гьабе.

**Олимпиада по родным языкам**
**Школьный этап**
**Аварский язык 11 класс 2019/2020 учебный год**

**Т1оцебесеб т1адкъай** – лексико-грамматикиял тестал (жавабал хъвай т1оцебесеб номералъул бланкалда кьун бугеб таблицаялда).

**1. Г1илла-мурадлъун бугеб х1ал гъорлъ бугеб предложение бате:**
1) Ниж маг1арде тира-сверизе ана;
2) Гьудулзабигун дандч1вазе бокьула дие;
3) Жакъаялдаса нахъе нилъ гьудулзаби ккола.

*(3 балл)*

**2. Кинаб т1аджубараб предложение бет1ераб предложениялдаса запятаялдалъун т1езабулеб?**
1) сказуемоелъун т1аджубараб;
2) подлежащеелъун т1аджубараб;
3) х1аллъун т1аджубараб;
4) бит1араб дополнениелъун т1аджубараб.

*(3 балл)*

**3. Рат1алъул падежалъул суалал рихьизаре:**
1) сундукье?, сундухье?
2) сундухъ?, сундулъ?
3) сундухъа?, сундулъа?

*(3 балл)*

**4. Г1емерлъул форма бук1унареб раг1и бате:**
1) сали; 2) мали; 3) гали; 4) рагъи.

*(3 балл)*

**5. Бицен гьабулеб иш цого заманалда цадахъ лъугьунеб бук1ин бич1ч1изабулеб союз гьеч1еб жубараб предложение бате:**
1) Г1азу бана, лъималаз чангъал къват1ире рахъана;
2) Сардилъ пири пирхана – сверухълъиго гвангъизабуна;
3) Камил саг1аталъ гаргадана – нижеда щибго бич1ч1ич1о;
4) Эбел юкъарилей йиго, эмен газет ц1алулев вуго.

*(3 балл)*

**6. Гъалат1 ккараб предложение бате:**
1) Гьел т1оразда т1ад кверги бахъулаго, колхозалъул хурисан г1ебеде вач1унев вук1ана Салман;

2) Дир вацг1ал живго дагьав эбелалда хадув арав вугониги гьедиг1ан къадарав вас гьеч1о.
3) Дуца хвалдаса хвасар гьавурав чи вуго дун;
4) Къоялъ Муса нуж рач1иналъухъ валагьун вук1ана.

*(3 балл)*

**7. Уступительнияб т1аджубараб предложение бихьизабе:**

1) Дихъе кьурдизе т1ил кьун батанани,
Бокьарай ясалда кьабизе те гьеб;
2) Х1амида к1олареб магь баччаниги,
Бечедай гьеч1илан ч1вана багьана.
3) Бодул командирал кодоре щведал,
Киг1андай х1алхьана х1акимзабазул.
4) Муил азбаралде бакъ к1ут1илалде,
Мун рещт1унел щобал щола рак1алде. *(3 балл)*

**8. Сонорниял гьаркьал рихьизаре:**

1) к,к1; 2) ч1,х1; 3) г,гъ; 4) м,р

*(3 балл)*

**9. *Ц1об гьабизе* абураб фразеологизмалъул маг1на ккола:**

1) гурх1ел гьабизе; 2) кверщел гьабизе;
3) бет1ерлъи гьабизе; 4) цебехъанлъи гьабизе.

*(3 балл)*

**10. Предметияб ц1ар предметияб ц1аралде жубан лъугьарал ва жалги бак1азул хасал ц1аралльун ругел раг1аби хъвала:**

1) гьоркьоб дефис лъун; 2) рек1ун; 3) бат1а т1ун.

*(3 балл)*

**Гьаб тексталда т1аса гьаризе ккола к1иабилебги лъабабилебги т1адкъаял**

1)Юридикияб факультеталдаги ц1алун, районалда х1алт1улей йик1арай Г1айшатил рукъ бук1унаан бац1ц1адго г1уц1а-къан. 2)Боц1иги бук1ана гьелъ хьихьун. 3)Росдацаго бицунаан Г1айшатил тирилъиялъул, амма гьелъул рос Ах1мадица годек1абахъ ганч1ал ц1вакизаби тун бат1ияб х1алт1и т1аде босулароан. 4)Гьесда ч1алг1ана ч1ужу жиндего «рег1унгут1и». 5)Радал ун, бакъанида яч1уней г1адан росасеги гьесул годек1абазул гьалмагъзабезеги хъулухъ гьабизе рег1илищха. 6)Гьелда т1аса гьезул даг1ба лъуг1улеб бук1инч1о, гьес ч1ужуялде квер борхарабги х1ужа чанц1улго ккун бук1ана.

7)Ах1мадица ч1ужу нахъе гъуна. 8)Гьесул рак1ч1ун бук1ана Г1айшат рак1бух1ун, хъулухъги тун, т1адюссун яч1инин абун. 9)Рат1алъарал руччаби лъицаго рачунарин, щваниги цо г1инкъав-беццав рос щвелинха дуеян велъулаан гьев гьелда т1ад. 10)Г1айшатица жиндирго х1алт1и рехун теч1о. 11)Кват1ич1ого росасе ана, гьанже, к1иго лъимерги гьабун, талих1аб

г1умруялда йиго. 12)Ах1мадги янгъизго хут1ич1о, росулъа яс ячана. 13)Амма гьесда годек1абахъ ганч1ал хинлъизарулеб г1амал тезе к1веч1о.

14)Нилъер бихьиназ киданиги къабул гьабуларо ч1ужуялъе х1алт1и-хъулухъ т1оцебесеб бак1алда, жив к1иабилеб бак1алда вук1ин. 15)Гьудул-гьалмагъзаби т1аде рач1аниги, гагарлъи гьоболлъухъ щваниги, гьезие квен гьабизе хъулухъалъе лъади х1адурго ятизе бокьула щивасе. 16)Амма маг1ишатги х1укуматалъул х1алт1иги цадахъ гьабизе бигьаяб иш гуро. 17)Гьеб бич1ч1уларо къоялъ х1алт1иги гьеч1ого вугев росасда. 18)Гьел цоцазда рич1ч1унгут1иялъ риххула хъизабиги.

19)Умумузул аби буго: «Лъади лъик1ав – лъик1 вуго, лъади квешав – квеш вуго» - ян. 20)Лъик1алги квешалги рахъал ралагьарасда ратула.

21)Руго нилъеда гьоркьор хъулухъалъе г1оло хъизан биххизабурал руччабиги. 22)Хъулухъ сабаблъун хъизан биххич1ого бук1ине ккани, ч1ужуг1адан х1алт1ич1ого йик1ине ккелаха. 23)Амма кин хьихьилеб хъизан щивго х1алт1улев гьеч1они, яги росас рокъобе бач1араб г1арац хъизаналъе г1олеб гьеч1они.

24)Дагъистаналда руччаби бихьиназда ращад х1алт1ула. 25)Гьеб х1икмалъизе ккараб жоги гуро. 26)Нилъер умумузулъаго батана гьединаб рук1а-рахъин. 27)Росасдаса дагь х1алт1улароан лъадиги. 28)Эбелалъего г1адаб лъималазул ургъел инсуеги бук1унаан. 29)Руччаби рахъунаан хурирего, рохьореги, гьабихъеги. …30)Рокъоб кинабго х1алт1иги гьабулаан гьез. 31)Гьединабго рук1а-рахъин жакъаги буго. 32)Гьелде т1адеги, х1укуматалъул х1алт1иги гьабула гьез. 33)Гьанже улбузе кумекалъе шагьараздаги росабалъги лъимал рит1изе ясли-ахалги руго. 34)Хъулухъалда цеет1езеги ч1ужуг1аданалъе квалквал кколеб жо г1емер бук1унаро.

35)Хъизаналдаги хъулухъалдаги гьоркьоса цояб бищизе ккей захl1матаб суал буго. 36)Цояз абула, хъизан-лъималги рехун тун, хъулухъ щай къвариг1арабилан. 37)Цогидаз рик1к1уна нилъ дагъистаниял ругелъул, эбел-инсуца куцахъе г1адаталги ц1унун, росасул адаб-хъатирги гьабун, лъимал-хъизанги данде рачун, рук1ине кколин руччабиян.

*Пат1имат Султ1анмух1амадова (Х1акъикъат, № 22, 03.06.2011 г., стр 19)*

**К1иабилеб т1адкъай** – цебехун кьун бугет тексталъе грамматикаялда хурхарал т1адкъаял (жавабал хъвай т1оцебесеб номералъул бланкалда кьун бугеб таблицаялда.)

**11.** 1-5 предложенияздa жаниб хаслъул падежалда бугеб глаголияб ц1ар бате: (таблицаялда жаниб глаголияб ц1ар хъвай)

***(3 балл)***

**12.** 15-18 предложенияздa гьоркьоб определениелъун т1аджубараб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

***(3 балл)***

**13.** 21-26 предложениязда жаниб г1ахьалаб заманалъул глагол бате
(таблицаялда жаниб глагол хъвай)

*(3 балл)*

**14.** 27-31 предложениязда гьоркьоб жинда жаниб частица –ги х1алт1изабун гьеч1еб предложение бате (таблицаялда предложениялъул номер хъвай)

*(3 балл)*

**15.** 33-37 предложениязда жаниб причастие бате
(таблицаялда жаниб причастие хъвай)

*(3 балл)*

**16. Лъабабилеб т1адкъай –** цебехун кьураб тексталда т1аса сочинение-рассуждение хъвай

*(21 балл)*

**Цебехун кьун бугеб текстги ц1алун, гьелда т1аса сочинение-рассуждение хъвай. Сочинениялда бук1ине ккола лъабкъоялда анц1гоялдаса ц1ик1к1ун раг1и. Сочинение хъвалеб мехалъ текст жисизабич1ого (переписать гьабун) хъван бугони, сочинениялъе цониги балл лъоларо.**

**Сочинение хъвалеб мехалъ, к1вар кьезе ккола:**

– кинаб суал борхулеб бугеб авторас жиндирго статьялда?

–кинаб пикру бугеб авторасул гьеб суалалдехун?

– мун рази вугищ авторасул пикруялда? Щай?

– дурго г1умруялъул х1албихьиялдаса яги литератураялдаса мисал бачe текстaлда борхулеб суалалде данде кколеб?

– дурго пикру баян гьабе.